# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

आजु पूरा देस नेताजी सुभाष चन्द्र बोस के जयंती के पराक्रम दिवस के तौर पर मना रहल हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गो वीडियो सनेसा जारी कइ के देसवासियन से बिकसित भारत क लक्ष्य हासिल करे खातिर कोसिस कइले क अपीलि कइले हवें। उहां के कहलीं कि नेताजी के प्रेरणा से सबके एक लक्ष्य एक ध्येय बिकसित भारत बदे लगतारे काम करत रहे के बौ अउर ईहे नेताजी क सच्चा कार्यांजलि होई।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के हजरतगंज में नेताजी के मुरती पर फूल चढ़ा के उन्हें नमन कइलें। उहां के कहलीं कि नेताजी क व्यक्तित्व आ कृतित्व के नाते हर एक देसवासी उनके बदे सरधा आ आदर क भाव रक्खे ला।

**वर्ष दो हजार इक्कीस में नेताजी के योगदान के प्रति कृतज्ञता ज्ञापित करते हुए आदरणीय प्रधानमंत्री जी ने तेईस जनवरी की तिथि को पराक्रम दिवस के रूप में मनाने का निर्णय लिया। नेताजी हर भारतवासी के लिए एक प्रेरणा हैं। राष्ट्र के प्रति निष्ठा का भाव, असीम साहस, वीरता और निस्वार्थ सेवा को सम्मान देने की प्रेरणा नेताजी के व्यक्तित्व से पूरे भारत वासियों को प्राप्त होता है।**

प्रदेस क बलरामपुर आ जौनपुर के ले के अउरियो जिलन में पराक्रम दिवस क आयोजन कइ के नेताजी सुभाष चन्द्र बोस के व्यक्तित्व आ कृतित्व के इयादि कइल गइल।

**********

यूपी दिवस के तौर पर प्रदेस क स्थापना दिवस बिहने धूमधाम से मनावल जाई। येह मौका पर प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में कार्यक्रम आयोजित कइल जाई। मुख्य कार्यक्रम लखनऊ के अवध शिल्प ग्राम में आयोजित होई। एहमें उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मौजूद रहिहें। प्रदेस क संस्कृति अउर पर्यटन मंत्री जयवीर सिंह बतवलें कि कार्यक्रम में कई क्षेत्रन में उत्कृष्ट कार करे वाले छौ गो महानुभावन के सम्मानित कइल जाई।

**********

राष्ट्रीय मतदाता दिवस के उपलक्ष्य में आजु लखनऊ में वॅकाथन क आयोजन कइल गइल, जेहमें स्कूली लइकन के साथे–साथे राज्य निर्वाचन आयोग अउर जिला प्रसासन क अधिकारी बढ़ि–चढ़ि के हिस्सा लिहलें। येह मौका पर राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा कहलें कि हमनी के एथिकल वोटिंग पर धियान देवे के होई अउर हर मतदाता के अपने मताधिकार बदे प्रेरित करे के परी। उहां के अठारह बरिस पूरा करे वाले नौजवानन से अपीलि कइलीं कि ऊ आपन नांव मतदाता सूची में दरज करावल सुनिस्चित करें। (पीटीसी लखनऊ)

**********

प्रयागराज रेलवे डिवीजन मौनी अमौसा पर महाकुंभ में आवे वाले सरधालुअन क भारी भीड़ि के धियान में रक्खत एक सौ पचास से बेसी मेला विसेस ट्रेन चलवले क तइयारी कइले हौ। ई बिसेस ट्रेन प्रयागराज के सज्जो नौ स्टेसनन से चलावल जइहें। एगो रिपोर्ट–

**मेला प्राधिकरण ने अनुमान लगाया है कि मौनी अमावस्या के अवसर पर लगभग 8 से 10 करोड़ श्रद्धालुओं के त्रिवेणी संगम में पवित्र डुबकी लगाने की उम्मीद है। इनमें से लगभग 20 प्रतिशत श्रद्धालुओं के ट्रेन से यात्रा करने की उम्मीद है। विशेष ट्रेन चलाने के अलावा, मंडल ने यात्रियों के लिए सुगम यात्रा सुनिश्चित करने के लिए कलर–कोडेड टिकटिंग और अतिरिक्त आश्रय व्यवस्था भी की है। इन तैयारियों के साथ, प्रयागराज रेल मंडल का लक्ष्य मौनी अमावस्या पर लगभग हर 4 मिनट में एक रेलगाड़ी चलाने की योजना है। वरिष्ठ जनसंपर्क अधिकारी अमित मालवीय ने कहा कि, प्रयागराज रेल मंडल महाकुंभ 2025 में आने वाले श्रद्धालुओं की बड़ी संख्या के प्रबंधन के लिए पूरी तरह तैयार है। आकाशवाणी समाचार प्रयागराज के लिए आनंद कुमार।**

मौनी अमौसा आ महाकुंभ के देखत पूर्वोत्तर रेलवे की ओरि से सत्ताईस से एकतीस जनौरी के बिच्चे एक सौ चौरासी मेला बिसेस रेलगाड़ी चलावल जइहें।

**********

लखनऊ से मुंबई जा रहलि पुष्पक एक्सप्रेस में आगि लगबले के अफवाह के बाद ट्रेन से कुदले के नाते मरे वाले यात्रियन क संख्या तेरह हो गइल हौ। काल्हि भइल येह दुरघटना में एक दरजन से बेसी लोगि घाही भइल हवें। एहमें उत्तर प्रदेस क नागरिको सामिल बाटें। दुरघटना काल्हि तब भइल जब ट्रेन के महाराष्ट्र के जलगांव पहुंचले पर आगि क अफवाह फइलले से ट्रेन से कुद्दे वाले यात्री कर्नाटक एक्सप्रेस के चपेटा में आ गइलें।

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में आजु दुपहरिया बाद हल्लुकाहे घाम निकरले से लोगिन के गलन भरल ठंडी से राहति मिलल हौ। मौसम में येह बदलाव के नाते येह जिलन के तापमान में बढ़ोत्तरी भइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक हल्लुकाहे घाम निकरले अउर कुहेसा पड़ले रहले क सिलसिला अबहिन दुइ से तीनि दिन ले जारी रही। अधिकतम तापमान में बढ़ोत्तरी दरज कइल जाई, ओहीं न्यूनतम तापमान में मामूली गिरावट क पूर्वानुमान हौ।

**********